



IBIBAZO BIKUNDA KUBAZWA: ASIRANSE Y'UWUDAFISE AKAZI

Ushaka gushikiriza ico usaba ubwa mbere: Hamagara 1-877-214-3330 canke 1-888-807-7072, canke saba ku murongo w'ingurukanabumenyi kuri www.labor.vermont.gov

Mu kugira ico usaba ku ndwi zose: Hamagara: 1-800-983-2300 (Umurongo wikoresha (amasaha 24 hours Ku wa mungu, sakumi n'imwe zo mu gitondo- sakumi n'inusu zo ku mugoroba M-F), ku murongo w'ingurukanabumenyi: www.labor.vermont.gov

Ukeneye ayandi makuru n'ifashwa ku bijanye no kubura akazi kubera ikiza? Ja kuri <https://labor.vermont.gov/PUA>

KWEMERERWA

Noba nemerewe kuronka inyungu z'abadafise akazi?

Ibisabwa mu kwemererwa kuronka inyungu z'abadafise akazi vyaraguwe kubera COVID-19 harimwo ibisata bikwirikira:

- *Wokwemererwa nimba warahagaritse gukora kubera:*
 - Umukoresha wawe yahevye ibikorwa kubera impamvu zijanye na COVID-19
 - Ingaruka yavuye kw'itegeko ryavuye kwa buramatari canke ku mukuru w'igihugu
 - Ikumirwa ry'abakozi rijanye na COVID-19
- *Wokwemererwa nimba waravuye ku kazi kubera:*
 - Kurwara canke gukumirwa nk'ingaruka za COVID-19
 - Ivyago vy'umurengera vyo kwandurira aho ukorera

- Kurwaza umuntu wo mu muryango arwaye canke akumiriwe nk'ingaruka za COVID-19
- Gukurikirana umuntu wo mu muryango yahuye n'ivyago vyinshi vyo kwandurira aho akorera.
- Gushaka kwitaho umwana yari ari kw'ishuri canke mu kigo c'abana cugaye

Vyogenda gute mu gihe nsabwe n'inararibonye mu buvuzi canke uwukora mu gisata c'amagara y'abantu muri rusangi, kwikumira nk'ingaruka za COVID-19, ariko ntarwaye?

Ushobora kwemererwa kuronka inyungu z'abadafise akazi nimba ukwije ibi bikwirikira:

- Uriko ukurikiza impanuro z'inararibonye mu buvuzi canke uwukora mu gisata c'amagara y'abantu muri rusangi mu kwikumira kubera wahuye na COVID-19
- Utariko uraronka karuhuko k'umurwayi gahemberwa canke ubundi bwoko bw'akaruhuko kavuye ku mukoresha wawe.

Vyogenda gute mu gihe umukoresha wanje yugaye, mu buryo bwo kwirinda canke kubera hari umukozi arwaye, abandi bakozi bakaba basabwe kwikumira nk'ingaruka ya COVID-19? Noba nemerewe kuronka inyungu z'abadafise akazi?

Nimba utaronka indishi ivuye ku mukoresha wawe, nk'akaruhuko k'umurwayi gahemberwa canke akaruhuko gahemberwa gusa, urashobora kwemererwa inyungu y'abadafise akazi muri ico kiringo.

Ndamutse ndemvye bikaba ngombwa ko mpeba akazi nk'ingaruka za COVID-19, noba nemerewe kuronka inyungu z'abadafise akazi?

Ego. Ibisabwa mu kwemererwa kuronka inyungu z'abadafise akazi zaraguwe hashirwamwo abantu barwaye canke bikumiriye nk'ingaruka za COVID-19.

Vyogendaa gute mu gihe nkeneye guheba akazi kugira nkurikirane umuntu wo mu muryango nk'ingaruka za COVID-19?

Uhevyeye akazi kugira ukurikirane umuntu wo mu muryango, ubu uremerewe kuronka inyungu z'abadafuse akazi.

Umukoresha wanjye yarugaye kubera COVID-19, noba nemerewe?

Nimba umukoresha wawe yarugaye kubera COVID-19, urashobora kwemererwa kuronka imfashanyo y'abadafise akazi canke yo kubura akazi kwatewe n'ikiza izwi nka Pandemic Unemployment Assistance (PUA).

Umukoresha wanjye yangabanyirije amasaha kubera COVID-19, noba nemerewe?

Nimba umukoresha wawe yarakugabanyirije amasaha kubera COVID-19, urashobora kwemererwa kuronka inyungu y'abadafise akazi.

Vyogenda gute mu gihe aho nkorera hugaye ariko nkaba nkorera muhira, noba nemerewe?

Nimba aho ukorera hugaye ku banyagihugu, ariko ukaba ukorera kure, atakugabanuka kw'umushahara, ntiwemerewe nk'uwudafise akazi.

Umukoresha wanjye yansavye kugaruka ku kazi ariko nkaba numva ntatekanye gusubiraye. Sinosubira ku kazi ariko nkabandanya gusaba nk'uwudafise akazi?

Kwanka gukora mu gihe ubishoboye kandi uhari bituma utemererwa kuronka inyungu z'abadafise akazi.

IBIBAZO BIJANYE NO GUSABA

Naronse “ukugena amafaranga,” ibi ni ibiki, bisigura iki?

Ukugenerwa amafaranga kwawe guharurwa kugendeye ku mishahara yo muvya kane 4 biheze. Ukugenerwa amafaranga uronka ni igitigiri c’inyungu kandi nticerekana inyongera ya reta ya \$600 yongeweko ivuye muri CARES Act. Ayo ma \$600 azoboneka mu mafaranga yawe ya eretronike canke ku mpapuro ziyerekana.

Nogira ugusaba gushasha kandi nari narasavye nk’uwudafise akazi mu mwaka uheze hanyuma nkasubira ku kazi?

Nimba wari waruguruye ugusaba mu mezi 12 aheze, ntibikenewe ko usubiramwo gusaba nk’uwudafise akazi. Urashobora gusubira kwugurura winjira ku murongo w’ingurukanabumenyi, mu muryango w’abasaba canke ugahamagara umurongo wa terefone wikoresha w’abasaba ku ndwi. 1-800-983-2300 (amasaha y’umurongo wikoresha: amasaha 24 Ku wa mungu, sakumi n’imwe zo mu gitondo- sakumi n’inusu zo ku mugoroba M-F)

Vyogenda gute mu gihe gusaba kwanje kwaheze?

Iyo gusaba kwawe kwaheze, uzoba wemerewe kuronka inyungu zaguwe zitanga inyongera y’indwi 13 z’inyungu. Gahunda y’inyungu zaguwe iriko irategurwa. Igisata kizomenyeshya igihe iyo gahunda izotangurira gukora.

Naribagiye gusaba ku ndwi kwanje mu ndwi iheze. Nokora iki?

Nimba wibagiye gusaba kwawe ku ndwi mu ndwi iheze, urashobora guhamagara umurongo wikoresha wo gusaba ku ndwi kuri 1-800-983-2300 canke winjire ku murongo w’ingurukanabumenyi mu muryango w’abasaba hanyuma ugire gusaba kwawe kw’iyo ndwi iheze. Ushobora gushiraho gusaba kw’indwi iheze rimwe gusa ku munsu. Uzoca uronka ubutumwa ku gice co kwemeza bukubwira igihe ushobora gusubira kwinjira mu muryango w’abasaba kugira ushireho ukundi gusaba

wibagiye. Uhejeje kuvyuzuzanya vyose, uzokenera kubandanya gushiraho gusaba ku ndwi hagati y'ubwami no ku wa gatanu saa kumi n'ibusu zo ku mugoroba.

Gusaba kwanje kuvuga ko kuriko kurigwako. Bisigura iki?

Gusaba kuriko kurigwako gusaba gusuzumwanya cane n'igisata kugira kwemerwe. Kenshi usanga harimwo kuba bibagiye gushiramwo imishahara ku munsu umwe canke ibiri bakoze. (A.k. nimba warakoze Ku wa mbere – Ku wa gatatu hanyuma ukava mu kazi ku wa kane, vyoba bikenewe ko werekana imishaharara yo ku wa mbere – ku wa gatatu). Igisata kizokumenyeshya igihe kwigwako kwaheze.

IBIBAZO BIJANYE NO GUHEMBWA

Kuber iki ntaronse inyungu y'ama \$600 akwiye?

Uhejeje gusaba kwawe kwa mbere, nimba wahisemwo amatagisi azokurwa ku nyungu yawe yok u ndwi, amatagisi azokurwano ku nyungu yawe ya reta y'ama \$600. Inyungu zose zikurwako amatagisi ya reta.

Noronka inyungu igihe kingana gute?

Ushobora kuronka inyungu y'abadafise akazi mu gihe c'indwi 26 n'inyungu zaguwe mu gihe c'indwi 13.

Nzorihwa ryari?

Utanze gusaba kwawe ku ndwi vyamaho hanyuma ntugire ingorane mu gusaba kwawe, wokwizera kurihwa ku ndwi.

Naratanze gusaba kwanje kw'abadafise akazi kandi sinigeze ndonka amafaranga na rimwe. Kuber iki?

Uhejeje gutanga gusaba kwawe kwa mbere, usabwa kubandanya gusaba kw'abadafise akazi uko indwi iheze udakora. Gusaba kwo ku ndwi ku ndwi kwerekana ko ata kazi wari ufise mu ndwi iheze. Udashizeho gusaba ko ku ndwi ku ndwi, ubuhinga buca bufata ko wasubiye ku kazi hanyuma bugahagarika gutanga inyungu.

Naratanze gusaba kw'abadafise akazi, nagumye ntanga gusaba kwo ku ndwi, kandi nta mafaranga namwe nigeze ndonka. Ni ukubera iki?

Nimba utararonka inyungu y'abadafise akazi, ushizemwo na sheke y'ama \$1200 yambere, gusaba kwawe kurimwo ingorane isaba ko igisata kigira ubushakashatsi bufasha ko woja mu bemerewe. Ibi bishobora kuba vyatumwe n'uko igisata gitegerezwa kuronka amakuru avuye mu yindi reta, ingorane zo guhembwa n'ibindi. Igisata kizokumenyesha igihe kwigwako kwaheze.

IBINDI BIBAZO KURI ASIRANSE Y'ABADAFISE AKAZI

Ndasubiye ku kazi. Birakenewe ko hari ico nokora kugira mmenyeshe igisata c'umurimo?

Nimba usubiye ku kazi, ntibikenewe ko umenyesha igisata ubwo nyene. Woheba gusa gushiraho gusaba kwawe kwo ku ndwi. Ushizeho gusaba ku ndwi kandi warayikozemwo yose, iyo ni forode kandi uzohagarikirwa inyungu. Nimba uronse canke ugiye ku kazi mu ndwi washizeho gusaba inyungu y'abadafise akazi, utegerezwa kuvuga amasaha wakoze n'umushahara waronse.

Gusaba kwanje kwagiye mu kwigwako ubu haheze indwi nkeya. Hari igihe kiriho kivuga igihe nzogenerwa?

Nimba gusaba kwawe kuri mu kwigwako, kuzokwigwako bijanye n'uko kwakiriwe.

Ni gute nohindura KODE yanje?

Nimba ukeneye guhindura KODE yawe, wohamagara ku wundi murongo wa terefone kuri 888-807-7072.

Nari nsanzwe ndi mu badafise akazi imbere ya COVID-19, ndacakeneye kurondera akazi?

Oya. Ibisabwa vyose vyo kurondera akazi vyarahagaritswe nk'ingaruka ya COVID-19. Igisata kizomenyesha abasaba, igihe ibisabwa vyo kurondera akazi bizosubira gukora.

Itariki yanje yo gusubira ku kazi yararenze. Sinzi igihe nzosubirira ku kazi, ni gute nobimenyesha?

Muri ico gihe, ntibikenwe ko umenyesha itariki uzosubirira ku kazi. Igisata kizomenyesha impinduka zizobamwo.

Kuber iki bariko banyereka ngo ‘SSN ntishoboye kuboneka’ mu gihe ndiko ndashiraho gusaba kwanje kwo ku ndwi?

Ushobora kuba uriko werekwa ko SSN idashoboye kuboneka ku mpamvu imwe muri izi zikwirikira:

- Gusaba kwawe kwa mbere kuracariko kurakorwa. Bishobora gufata gushika ku masaha y’ubudandaji 72 uhereye ku gihe watangiye gusaba kwawe kwa mbere kugira gushirwe mu buhinga.
- Uriko ugerageza gushiraho gusaba kare cane canke waratevye cane. Igihe co gusaba kwo ku ndwi gitangura iminsi yose ku wa mungu gushika ku wa gatanu sakumi zo ku mugoroba.
- Gusaba kwawe kuracariko kurigwako. Nimba harimwo ingorane mu gusaba kwawe, vyahawe uwujewe kuvyigako. Gushika igihe gusaba kwawe kuzokwigwako, ntushobora kwinjira mu muryango w’abasaba ku murongo w’ingurukanabumenyi.